



SINOD SOU SINODALITE

Ranmase Dyosèz la



**ACHIDYOSÈZ
NOUWAK**

Eminans Kadinal Josèf W. Toben CSsR
Remèt bay Konferans Evèk Katolik peyi Etazini yo
30 Janvyè 2022

TAB SIJÈ YO

ENTWODIKSYON.....	2
Istwa Achidyosèz Newark la	
PWOSESIS KONSILTASYON YO.....	3
Pandemi Kovid 19 la	
Demografik	
EXPERYANS KONSILTASYON AN	5
Preparasyon ak Pwosesis	
GRAN TÈM YO	
Entwodiksyon	6
1. Kominote Pawasyal la: Akèy, Ospitalite, kontak (Evanjelizasyon).....	8
2. Jèn ak Jèn Granmoun	10
<i>Etidyan Inivèsitè</i>	
3. Fòmasyon Lafwa	11
<i>Transmèt lafwa a</i>	
<i>Selebrasyon ekaristik la</i>	
<i>Fòmasyon Lafwa pou Timoun yo</i>	
<i>Edikasyon Lekòl Katolik</i>	
4. Patisipasyon Layik yo nan Lidèchip Legliz la	12
<i>Wòl Layik yo</i>	
<i>Fanm nan Lidèchip Legliz la</i>	
5. Gouvènans	14
<i>Konsèy Finans ak Pastoral Pawas la</i>	
<i>Klèje</i>	
<i>Eskandal Abi Seksyèl</i>	
6. Kominikasyon	17
KONGREGASYON RELIJYE YO.....	18
ACHIDYOSÈZ LA.....	19
REZIME AK REKÒMANDASYON.....	20
ANÈKS	22
Rapò konplè Konsiltasyon Kominote Sinòd Panyòl la	
Pwosesis pou tande sesyon:	
Anglè	
Panyòl	

ENTWODIKSYON

Rapò sa se rezime anpil èdtan dyalòg ak chita tandè. Li se yon repons ak envitasyon Pap Franswa te fè tout dyosèz toupatou sou latè pou yo kapab angaje yo nan yon pwosesis sinodal ki chita sou tandè Pawòl Bondye a, epi tandè youn ak lòt, rankontre ak moun ki Jezikri a, epi disène sou volonte Bondye pou Legliz la.

Sa ki ekri anba a se yon istwa tou kout sou Legliz lokal sa a ak yon deskripsyon pwosesis konsiltasyon sinòd la ak pwèn enpòtan epi rezime rekòmandasyon yo pou ede moun k ap li rapò sa a konprann sa patisipan yo te di nan pwosesis ki gen plizyè aspè sa a. Avèk sa nan panse nou, nou ankouraje moun k ap li yo pou yo mande tèt yo si yo te rate yon pwèn enpòtan nan rezime sa a epi, si sa rive, pataje enfòmasyon sa yo ak dirijan achidyosèz la oswa dirijan pawas yo. Nan fason sa a, li gen espwa "mache ansanm" Sinòd la anvizaje a a pral kontinye pi lwen pase efò sa a epi vin fason pou nou "Se Legliz" isit la nan Achidyosèz Newark la.

Istwa

Dyosèz Nouwak te etabli an 1853 gras ak yon dokimen fòmèl Pap Pi IX ak tout eta Nou Jèze. Jiska tan sa a, Pati nò New Jersey te fè pati Achidyosèz *Nouyòk* epi pati sid Nou Jèze se te yon pati nan Dyosèz la Filadèlfi. Premye pawas nan Nouwak, St. John's ki nan *Mulberry Street*, te etabli an 1828. Premye Òdinè nan dyosèz Nouwak la se te Evèk James Roosevelt Bayley, yon neve Sent *Elizabeth Ann Seton*. Li te etabli Seminè Imakile konsepsyon ak *Seton Hall College* an 1856, li bay kolèj la non sa a pou li te ka onere matant li.

Premye divizyon dyosèz la te fèt an 1881 lè yo te kreye dyosèz Trenton pou sèvi 14 minisipalite (*counties*) ki nan sid ak nan sant New Jersey. Yon dezyèm divizyon te vini an 1937 ak kreyasyon Dyosèz Paterson nan ki gen ladan li Passaic, Morris, ak Sussex *konte*. Sa a te etabli teritwa aktyèl la nan Achidyosèz Newark la, ki genyen ladann *konte Bergen, Essex, Hudson*, ak *Union* yo. Pita, dyosèz Camden (1937) ak dyosèz *Metuchen* (1981) te fòme.

Nan dat 10 desanm 1937, Dyosèz Newark te elve nan ran Achidyosèz. Achevèk Thomas J. Walsh, ki te sèvi kòm Evèk nan Newark depi 1928, te enstale kòm premye achevèk li nan dat 27 avril 1938.

Nan moman fondasyon li an 1853, Pro-Katedral St Patrick nan Newark te sèvi kòm Syèj li. Yo te jwenn plas pou Katedral Sakre Kè pandan Bishop Bayley te la, men konstriksyon pa t kòmanse jiska 1899 sou twazyèm Bishop Newark la, Winand M. Wigger. Katedral la te fini an 1954 pandan Achidyosèz la t ap selebre ane santan li a, e non li te leve. Pou vini bazilik pa Jan Pòl II pandan vizit li an 1995.

Jodi a, Achidyosèz Newark sèvi 1300000 katolik nan kat *konte Bergen, Hudson, Union*, ak *Essex*.

Istwa ki soti nan Achiv Achidyosèz yo

PWOSIS KONSILTASYON AN

Pap Franswa lanse yon envitasyon bay tout Legliz la pou yo rasanble epi koute Sentespri a nan lapriyè, koute, ak disène pou fòje yon wout pou pi devan pou ventyenyèm syèk la. An patikilye, li te envite tout moun nan yon pwosis Sinodalite, yon fason pou yo toujou rasanble tout moun patisipe nan chita tandè epi pataje lidè yo. **Objektif sinòd la se jwenn plisye fason pou konekte Levanjil la, bon nouvel Jezikri a, nan lavi moun chak jou.** Tout enfòmasyon ki soti nan konsiltasyon pandan rasanbleman yo pral pataje nan rejyon eklezyastik, kontinan, ak finalman ak Sinòd la sou Sinodalite nan lavil Wòm nan mwa Oktòb 2023.

Moun ki nan Achidyosèz Nouwak la te reponn avèk antouzyas epi jenewozite nan san seyans chita tandè sou preparasyon Sinod sou Sinodalite 2023. Pawasyen yo, fanmi yo, moun majinalize yo, paran, moun ki anseye katechis, ak anpil lòt eksprime apresyasyon yo pou Pap Franswa pou opòtinite pou kapab dyalòge, disène epi tandè. **Tout kalite moun te patisipe. Moun ki soti nan plizyè kilti, ras diferan, ak langaj diferan, mete tèt yo ansanm nan lapriyè ak fè ti gwoup pou koute ak disène ki jan Lesprisen an ap rele nou pou nou vin Legliz la, kò Kris la,** pou li gaye sou tout tè a. Malerezman, Achidyosèz la pa t kapab òganize sesyon chita tandè sa yo ak moun ki nan lòt kretyen ki sot nan lòt Legliz oswa lòt relijyon kò, men li planifye pou fè sa pandan pwosis sinòd la ap kontinye. E genyen anpil lòt gwoup oswa moun pou kontakte epi kominike avèk yon tan ki pa lwen.

Lè Kadinal Joseph W. Tobin, CSsR, te rive nan Achidyosèz la an 2017 pou sèvi kòm Achevèk, li te fè reyinyon nan chak nan 27 dwayene (deanery) yo e li te tandè anpil enkyetid. Pwosis sou konsiltasyon sinod sa a te bay **Achidyosèz la yon lòt opòtinite, non sèlman pou lapriyè, disène ak dyalòge jan Pap Franswa mande a, men tou yon fason pou ede patisipan yo reflechi konkrèman sou fason pou yo adrese pwoblèm nan nivo lokal yo.** Yon objektif sesyon chita tandè synod la te genyen se te rive jwenn plis moun posib atravè Achidyosèz la. Kòm ekip planifikasyon sou konsiltasyon sinod la te kòmanse òganize konsiltasyon nan dyosèz yo, yo te bay seyans enfòmasyon pou tout moun te kapab aprann sou Sinod la ak fason yo te kapab patisipe. Yo te espere konsèy pastoral pawas yo, ak kèk fòmasyon adisyonèl, kapab fasilite sesyon chita tandè yo nan pawas yo. Sa a te efikas anpil pou patisipasyon siyifikatif nan chita tandè yo. Nan kote ki pa t gen konsèy pastoral ki t ap fonksyone, yo te fè apèl ak lòt lidè pou fasilite seyans chita tandè yo.

Depatman pastoral Achidyosèz yo te fòme lidè yo tou pou ede nan seyans chita tandè nan zòn sa yo: biwo lekòl, fòmasyon lafwa, evanjelizasyon, ministè jèn ak plis ankò. Yo fè kesyon ki baze sou de kesyon fondamantal "Vademecum" lan, yon liv yo bay tout biwo sinòd la nan lavil Wòm te bay tout Legliz. Yo te byen panse ak keyon sa yo; yo te apwopriye pou elektè yo; yo fòmile yo espesyalman pou Achidyosèz la. Plis toujou, brase lidè sa yo te chèche konprann ki fason depatman yo nan dyosèz yo ta ka ede nan sèvis nan pawas yo ak lòt enstitisyon. Biwo pou Ministè Panyòl te kreye kesyon sou pataje lafwa ki baze sou modèl *Encuentro* ki te ankouraje kominote pou koute, ak disène. Yo te mete repons kesyon sa yo nan rapò sa a. (Pou rezime konplè Biwo pou Ministè Panyòl la prepare a, gade Anèks p. 22.)

Répons enfòmasyon ki soti nan tout gwoup yo ki te patisipe nan pwosis konsiltasyon sa a pral ede divès kalite Depatman Achidyosèz yo pandan y ap fè efò pou reponn bezwen reyèl pawas yo ak lòt kominote achidyosèz yo.

Paske te gen ti tan pou prepare anvan yo te lanse pwosesis sinòd la, kowòdonatè yo achidyosèz la te etidye resous ki soti nan lòt dyosèz yo epi yo te pataje pwòpsa yo te fè. Achidyosèz la te rive ede tou dyosèz ki an Ewòp, Amerik Latin ak Azi, e Konsèy Sinòd la nan lavil Wòm te ekspriye apresyasyon li pou materyèl yo te pwodwi nan Nouwak ak pwosesis ki te pèmèt yo rive kontakte anpil moun nan yon ti bout tan avèk siksè.

Pandemi Covid 19

Kowòdonatè yo te enkyete ke pandemi Kovid 19 la t ap anpeche pwosesis brase lide ak fidèl e yo pa t ap rezan pou patisipe, ki te ideyal. Men, repons lan te bèl: yon bann kantite moun te patisipe nan lapriyè, chita tandè epi te fè efò pou yo disène sou sa Lesprisen an ap mande yo nan 21yèm syèk la. Ansanm ak rasanbleman an moun yo, sesyon *Zoom* yo te fèt pou rive jwenn moun ki pa t kapab patisipe an pèsòn. Malgre premye enkyetid yo, **reyinyon Zoom yo te pèmèt plis moun patisipe nan pwosesis sa a**. Se te yon defi pou pawas yo ak lòt enstitisyon yo te soti nan zòn konfò yo yon fason pou konekte ak manm yo. Eksperyans tounèf nan kominikasyon sou entènèt, medya sosyal, kasèt videyo ak lòt platfòm dijital te anrichi lavi ak misyon Achidyosèz la.

Demografik

Achidyosèz *Nouwak la* genyen plizyè kilti ak lang. Nan wikenn, litiji ekaristik la selebre nan plis pase yon douzèn lang, ak anpil lòt lang yo pale lakay moun ki batize yo. Pou kapab pran rive jwenn anpil fidèl posib, materyèl yo te prepare nan plizyè lang ak estil. Yo te itilize de kalite modèl: Premyèman, se yon sèl sesyon pou chita tandè yo te fèt nan pawas, kominote relijye, lekòl, pwogram edikasyon relijye, ak gwoup moun majinalize yo. Dezyèm modèl la te itilize pami kominote ki pale Panyòl yo: kèk 212 ti gwoup nan 43 pawas te rankontre pou senk sesyon.

Nan gwoup angle ak lang ki pa panyòl, patisipan yo te (65%) fanm an majorite ak yon pi piti patisipasyon pou gason (35%) . Nan gwoup ki pale panyòl yo, apeprè 62 pousan te fanm ak 38 pousan te gason. Laj patisipan yo nan gwoup anglè ak lòt lang an majorite te nan laj mwayen ak pi gran, byenke gen kèk gwoup jèn ki te patisipe tou. Men yon repatisyon nan laj patisipan yo:

Reyinyon an angle oswa nan lòt lang ki pa Panyòl

Laj 56+ (58%)

Laj 40-55 (20%)

Laj 20-39+ (7%)

Ki pi piti pase 20 (15%)

Reyinyon an panyòl

Laj 75+ (5%)

Laj 56-74 (23%)

Laj 40-55 (33.5%)

Laj 26-39 (22.5%)

Laj 18-25 (9%)

Laj 14-18 (7%)

Patisipan ak prezans nan lamès:

Chak jou oswa chak semèn (72%)

Yon fwa pa mwa (27%)

Raman oswa pa janm vini (1%) - anpil nan yo dekri tèt yo kòm "ansyen Katolik"

Anplis moun ki pale angle ak panyòl, anpil group kiltirèl te patisipe nan koute sesyon yo, tankou pòtigè, ayisyen, filipino, afriken ameriken, polonè, koreyen, Vyetnamiyen, Chinwa, Nijeryen, Kamewounè, Kenyan, ak lòt sitwayen Afriken. Pandan selebrasyon anyèl mwa Istwa Nwa yo an fevriye, Biwo pou Afriken Ameriken an, Apostola Afriken, ak Karayib yo te òganize mès ak sesyon chita tandè kat kote pou kapab rasanble plis patisipan posib. Eksperyans chita tandè sa yo te pote anpil kè kontan, tankou tout sesyon chita tandè yo, anpil moun te patisipe epi sa te bay opòtinite pou pataje eksperyans pwofon yon genyen sou Legliz epi eksperyans yo tankou Nwa Katolik.

Yo te rive kontakte lòt moun legliz la konsidere kòm moun ki apa oswa sou kote nan Legliz ak sosyete atravè *Catholic Charities*, epi divès sant sosyal (pa egzanp, Mercy House), ak gwoup LGBTQ yo. Pawas yo mete nan seyans chita tandè yo paran timoun ki nan edikasyon relijye yo nan seyans chita tandè yo ak moun ki gen andikape, granmoun aje, ki nan kay la epi, kèlkeswa kote sa posib, moun k ap resevwa swen lakay oswa granmoun aje ki nan Sant enfimyè yo. Entèvyou yo te fèt tou ak moun ki nan prizon ak moun ki san papyè.

Te genyen plis pase 700 sesyon chita tandè, pifò rasanbleman sa yo te an pèsòn ak kèk sou entènèt. Anviwon 33 pawas devlope pwòp sondaj yo sou entènèt pou eseye rive jwenn anpil moun ki pa patisipe nan lavi pawas la. Te genyen plis pase twa mil paj rapò an angle, ak mil senksan paj an panyòl. An total, gen plis pase 15,000 moun yo te tandè.

EKSPERYANS NAN BRASE LIDE A

PREPARASYON AK PWOSSESIS

Pou prepare pou sesyon chita tandè yo, yo te devlope yon fòmasyon sou pwotokòl ki te kòmanse avèk sesyon enfòmasyon yo. Akoz kantite popilasyon Katolik achidyosèz Nouwak la (1.3 milyon katolik nan kat ti konte (counties), 28 sesyon fòmasyon te òganize, pifò an pèsòn. ak kèk atravè Zoom. **Plizyè santèn prèt, manm pèsònèl pawas la, relijye ak layik te patisipe.** Travay sa a te enpòtan pou mete fondasyon an sou pye pou fòmasyon nan ede moun konprann ki sa sinod la ye, ki sa li espere akonpli, ak ki sa y ap fè pou rasanble pawasyen yo ak lòt moun pou kapab patisipe. Sesyon enfòmasyon yo te fèt pou pawas, relijye direktè edikasyon, lidè relijye nan *Campus* yo, lekòl Katolik, Kliyan ak moun k ap travay pou *Catholic Charities*, moun k ap travay pou Achidyosèz la, kongregasyon relijye yo, ak lòt pèsònèl sèvis sosyal yo.

Aprè seyans enfòmasyon yo, yo te fasilite fòmasyon pou koòdonatè pawas oswa òganizasyon ki òganize sesyon chita tandè yo. Videyo ki te sou sit entènèt nou an te adisyone sou seyans fòmasyon sou entènèt epi an dirèk yo. Videyo yo eksplike pwosesis sinòd la, dekri kijan pou fasilite yon sesyon chita tandè, epi bay granmoun ak jèn yo mesaj angle ak panyòl soti bo kote Kadinal Tobin. Yo te afiche tou yon liv pou fasilite epi pou sèvi kòm gid ak resous sesyon chita tandè an angle, panyòl, polonè, pòtigè, chinwa, franse, ak koreyen.

Tout moun ki t ap kowòdone sesyon sa yo, ansanm ak moun ki te vle plis enfòmasyon yo, te pwofite resous yo afiche sou sit entènèt la. *RCAN.org/synod*. Yo te devlope tou yon metòd sou fason ou fè rapò yon rezime pou pawas ak ministè pou kabab wè demografi, repons ki sòti nan

tout group sa yo. chak Tout resous sa yo te mande anpil preparasyon nan ti tan ki te disponib pou yon gwo travay konsa. Men, paske preparasyon sa a, ak èd Sentespri a, anil milye paj sou konklizyon opinyon soti moun yo nan achidyosèz la disponib kounye a! Paske anpil moun ak gwoup te ekspriye menm panse ak enkyetid pandan pwosesis brase lide sa a, gen kèk repetisyon inevitab ak lide ki sanble nan rapò sa a ki se rezilta efò nou fè pou rezime richès pataj ide tout moun.

GRAN TÈM YO

Nan rapò ki soti nan chak pawas yo, patisipan nan seyans chita tande yo ekspriye lanmou pou kominote pawas yo ak apresyasyon pou prèt yo ak manm estaf yo ki pran swen epi fè travay Bondye a pou nou tout. Anpil **te ekspriye rekonesans pou yo te kapab patisipe nan brase lide sinòd sa a yo te pataje espwa ke sa a pa ta dwe sèl okazyon sa rive, men pou sa ta vin tounen yon karakteristik ki fè pati “Legliz ” la.**

Patisipan yo te ekspriye yon gran dezi pou lonje men pou akeyi tout moun nan pawas la, kèlkeswa laj, orijin kiltirèl, eta lavi, idantite seksyèl, sitiyoasyon ekonomik oswa legal. Pandemi a te deranje demach kominote pastoral pawas yo, e li se yon gwo faktè ki jan pawas yo te, oswa pa t, chèche kontakte lòt yo. Gen yon enkyetid kèk pawasyon ki t ap patisipe nan lamès regilyèman oswa lòt fonksyon nan pawas anvan pandemi ta "disparèt." Moun ki aje oswa ki gen pwoblèm sante yo ka pè retounen nan gwo foul moun. Gen kèk ki pi alèz nan gade mès an dirèk pifò pawas yo kontinye ap bay.

Katolik Panyòl ki te patisipe nan pwosesis konsiltasyon sa a te ekspriye enkyetid patikilye sou gwoup moun ki "majinalize" oswa non kontou lavi pawas la. An patikilye, yo site:

- Jèn ki pa ale nan pawas la paske yo pa wè kote pou yo met tèt yo: moun ki pa retounen apre yo fin resevwa Sakreman Konfirmasyon; moun ki soufri diferan adiksyon.
- Moun ki san papyè yo ki, si yo pwoche bò kote pawas la, pè patisipe nan lòt aktivite yo.
- Moun ki bezwen èd materyèl oswa ki nan prizon.
- Granmoun aje oswa malad, fèmèn nan sant swen oswa lakay yo.
- Katolik ki pa pratike lafwa yo ak moun ki, si yo asiste lamès, pa patisipe nan okenn aktivite pawas yo.
- Moun ki pran distans yo ak Legliz la akòz yo pèdi lafwa oswa paske yo pa santi yo akeyi yo nan kominote a.
- Moun ki, pou rezon travay oswa chanjman rezidans souvan, jwenn li difisil pou fè pati yon kominote nan pawas la.

Patisipan yo pi souvan rekonèt enpòtans pou akeyi moun nan pawas yo, nan pwogram katechis ak nan lòt ministè pastoral. Yo pataje egzanp sou fason yo akeyi moun nan kominote yo e pafwa yo pa akeyi yo byen. Yo note sitou kèk moun ki ta ka santi yo endezirab, pami yo: moun ki divòse ak remarye andeyò Legliz la, imigran san papyè, moun ki soti nan lòt kilti, jèn, moun ki gen andikap, moun ki sosyete a majinalize ak moun ki idantifye kòm *LGBTQ*.

Saparet klè nan rapò yo te resevwa, pandemi Covid-19 la, te lakòz yo fèmèn ak laperèz pou pa pran viris la te enflyanse anpil kongregasyon nan tout rejyon yo nan achidyosèz la. Makonnen ak yon kilti k ap chanje rapidman, ogmantasyon "*Nones*" yo (moun ki pa fè pati okenn relijyon), ak moun ki pa satisfè ak Legliz la, pami yo anpil fanm, patisipan yo kwè ke lavi pawas la te diminye

nan dènye ane yo. Sa yo ak anpil lòt faktè se yon fason pou reveye nou pou pawas lokal yo ka ankouraje siksè yo epi gade ki sa yo bezwen amelyore pou kapab devlope ak soutni kominote Katolik ki fèm.

Moun yo kontan wè valè ministè solid ak aktivite kounye ki an plas pou sèvi pawasyen yo ki bezwen èd nan nivo sosyal ak jistis. Pami èd sa: Vizite e pote kominyon pou malad yo epi sila yo ki pa ka deplase, ofri soup cho ak distribye manje kri ak sipò, ministè sou litiji ak katechis ak lòt ankò. An menm tan, patisipan yo kwè gen yon bezwen ijan pou ministè yo rele epi akeyi jèn yo, espesyalman pou envite yo pèsonelemann pou vin patisipe. Patisipan ki soti nan kominote Panyòl la te pataje enkyetid yo konsènan mank patisipasyon jèn yo nan pawas yo. Yo te wè li konsa:

- Prezans jèn yo nan mès dimanch la trè ba nan anpil pawas.
- Pami pawas ki gen ministè Panyòl, yon ti kras genyen yon gwoup byen òganize.
- Kote ki genyen gwoup jèn yo, yo reyisi bay eksperyans fòmasyon pou lòt jèn ak aktivite sosyal pou kominote a.
- Anpil moun endike nan pawas yo envite jèn yo souvan, yo ankouraje yo atravè aktivite yo òganize pou yo, ak nan diferan kou fòmasyon nan pawas la. Sa sanble pa fèt nan tout pawas; kèk pawas pa janm pale de sa.
- Nan kèk pawas, ministè jèn asosye sitou ak pwogram katechis la (konfimasyon ak apre konfimasyon) oswa ak selebrasyon litiji a la kominote (pwoklamatè Pawòl la, akolit oswa manm koral). Men an jeneral, jèn ki te patisipe nan pwogram konfimasyon yo pa rete aktif manm pawas la.
- Manke lidè ki òganize epi ki motive jèn yo.
- Nan kèk pawas gwoup jèn ki egziste a se sèlman pou gwoup apostolik la li disponib, pa pou tout pawas la.

Gen anpil enkyetid atravè Achidyosèz la pou jwenn fason pou angaje jèn yo nan lavi pawas yo. Anpil pawas pa gen yon gwoup jèn devwe pa gen ase opòtinite pou rankont espiyèl ki ta ankouraje ak pouse jèn yo fè eksperyans yon relasyon pèsonel ak Kris la. Patikilyèman yo wè mank eksperyans litijik (Mès) adolesan yo ka patisipe totalman oswa ki pa jwenn fòm adorasyon yo bezwen an. Anpil pawas tou pa gen opòtinite sèvis pou jèn ak timoun piti ki ka ede konekte jèn yo nan Ansèyman Sosyal Katolik. Patisipan yo rekonèt biwo Ministè Jèn nan la Achidyosèz jwe yon gran wòl nan fòm jèn yo pou pawas yo pandan y ap ofri retrèt, lapriye, ak opòtinite sèvis pou jèn ki pale Panyòl ak Angle. Anpil pawasyen te di yo pwofite bèl pwogram ak eksperyans Achidyosèz la ofri a, men anpil lòt moun pa okouran de sa yo ofri.

Pifò rapò yo endike mès ak selebrasyon litijik yo bon paske yo konsantre sou Kris la. Yo ta vle wè pi bon prèch ki gen rapò dirèkteman ak moun, pami yo, jèn yo, nan lavi yo chak jou. Yo di mizik se yon bon bagay tou, men nan kèk ka, patisipan yo panse li bezwen plis mizi kontanporen. Patisipan yo te pale pou genyen mès pou jèn kote jèn yo se planifikatè, ministè, mizisyen, elatriye. Plizyè kòmantè te di pou yo respekte Misèl Women Pap Jan XXIII (souvan refere yo kòm "*Tridentine* Lamès la") ak moun ki vle selebre dapre fòm sa a.

Nan gwoup ki pale angle yo, patisipan yo te eksprime opinyon diferan konsènan ansèyman sou divès sesyon chita tandè yo. Gen kèk moun kifè tandè vwa yo ki di kèk Doktrin ak règleman Legliz la pa konekte avèk epòk tan modèn yo, espesyalman konsènan divès, anilasyon, kontwòl pou fè ak konsepsyon timoun, *IVF*, pwoblèm *LGBTQ* ak òdinasyon fanm kòm dyak oswa pè. Gen lòt ki kwè doktrin Legliz la ta dwe chanje. Patisipan yo te deklare yo souvan santi Legliz la

(espesyalman evèk yo) bay mesaj diferan konsènan pwoblèm yo, e sa kreye konfizyon. Anpil sijere, katechism la ta dwe mete ajou pou reflekte chanjman nan doktrin yo ak règleman ki pa aplike ankò nan sosyete jodi a.

TÈM KLE PATISIPAN YO IDANTIFYE

1. KOMINOTE PAWASYAL LA : AKEY, OSPITALITE, KONTAK (EVANJELIZASYON)

Pandemi an te bay opòtinite pou jwenn lòt fason pou kontakte pawasyen yo epi kenbe yo yo konekte. Anpil pawas yo te an dirèk chak jou epi difize mès dimanch yo. Pawas te kominike atravè medya sosyal, apèl telefòn, lèt, ak lot fason ankò. Nan rapò sinod yo, chèche antre an kontak epi akeyi tout moun se te yon priyorite enpòtan. Kèk nan pwèn kle yo te souleve se te:

- Jwenn fason pou envite moun tounen nan pawas yo epi bati yon kominote solid.
- Lonje men bay moun ki apa yo ak moun ki majinalize yo, ki gen ladan jèn yo, jèn adilt yo, ak moun ki gen timoun nan katechis.
- Fè yon pi bon travay nan akeyi tout moun: moun ki divòse ak sa ki remarye, *LGBTQ*, moun ki andikape, imigran, divès gwoup kiltirèl ak lòt moun nan kominote nou yo. Anpil te wè nesite pou rasanble gwoup kiltirèl ak gwoup lang ansanm kòm yon sèl pawas.
- Kontinye ankouraje jistis sosyal ak kontak sosyal. Sa yo esansyèl nan anpil pawas. Ministè tankou pran kontak ak refijye, klinik sante, distribisyon manje kri, kontakte moun ki pa deplase yo, elatriye; ministè sa yo fonksyone byen nan kèk pawas men yo bezwen lòt mwayen pou sèvi plis moun toujou.
- Kontinye rekonèt ministè nan pawas yo ak jan yo enpòtan pou yo pawasyen yo patisipe kòm disip. Anpil pawas te di li lè pou envite plis moun, patikilyèman jèn adilt ak adolesan vinpatisipe nan ministè fòmèl akòz apèl batèm yo.
- Aji tankou misyonè epi avèk kè kontan ale chèche nouvo manm yo ak manm etranje yo.
- Ankouraje manm yo pou yo vin disip misyonè, pou yo angaje yo nan travay evanjelizasyon an.
- Bati kominote solid ki pran swen epi akonpaye manm li yo.

Manm nan kominote Panyòl el remake layik yo, an jeneral, vle patisipe aktivman nan misyon Legliz la. Pafwa yo santi pè yo – sitou nan moman difisil – epi lidè layik yo tandè yo epi ankouraje pou yo patisipe tout bon nan lavi kominote a, epi lidè layik yo. Nou kapab wè sa nan:

- Nan fason kominote pawasyal la akeyi tout moun, espesyalman nouvo manm ak kominikasyon kòdyal.
- Envitasyon konstan pou patisipe nan nenpòt nan ministè/gwoup, oswa aktivite pawas yo. Kreye espas pou patisipasyon, tou de kote nan litiji ak nan katechèz ak kou fòmasyon relijye ak ofri talan yo atravè diferan gwoup apostolik yo.
- Kòdyalite ak kè kontan ministè layik yo, temwayaj yo sou lavi ak sèvis yo bay kominote a.
- Chalè kominote a bay moun ki patisipe nan diferan aktivite pawas la ki ini pawas la tankou yon sèl fanmi. (Kou fòmasyon, selebrasyon nan jou ferye ak tradisyon reyalite miltikiltirèl nou an, ak aktivite sosyal yo)
- Nan selebrasyon ekaristik la, avèk patisipasyon aktif manm yo kominote nan diferan ministè yo.

Men gen de fwa gen obstak pou moun yo santi yo byen akeyi tankou yo lakay yo:

- Souvan gen yon anonima nan kominote nan pawas la. Lè yo pa nan mès la youn pa konn lòt e menm pandan lamès yo pa twò amikal.
- Gen yon mank atitid pou akeyi moun bò kote klèje a ak manm kominote. Gen kèk gwoup pawas ki fèmen anpil epi yo pa bay opòtinite pou moun ki fèk vini renouvle lide ak karis yo.
- Pandan Orijin divèsite manm nan kominote kapab yon bagay pozitif, konsa tout li kapab reprezante yon defi. Pafwa pa gen ase ouvèti pou ankouraje yon anviwònman miltikiltirèl. Kapab gen inyorans ak prejije.
- Obligasyon travay ak fanmi anpeche patisipasyon nou nan aktivite pawas yo.

2. JÈN AK JÈN GRANMOUN

Gen gwo enkyetid konsènan jèn yo ak sa nou bezwen pou nou konekte pi byen avèk yo yo fason pou kapab bay opòtinite ki menmen nan yon rankont avèk Kris la. Te gen yon dezi pou nou dialoge ak yo nan plizyè kote ki gen ministè ki yon fwa te sanble rezève sèlman pou sa ki pi granmoun yo. Pa egzanp, 400 timoun ki gen laj lekòl segondè ak lekòl brevè te patisipe nan ministè pou rasanble gwoup. Sis lekòl segondè katolik te patisipe tou nan seyans chita tande ki gen 824 elèv. Pami kòmantè yo nou jwenn:

- Angaje jèn yo nan lavi pawas la, ministè yo, konsèy yo.
- Lonje envitasyon bay manm ki piti yo pou yo fè pati lavi ministeryèl pawas la. Jèn yo bezwen santi yo se yon pati enpòtan nan pawas la ak ministè yo.
- Fè plis sesyon chita tande pou mande yo ki jan pou yon kontakte yo pi byen epi akeyi yo nan lavi pawas la.

Youn nan enkyetid enpòtan jèn patisipan yo nan pawas ak lekòl yo se ke yo bezwen pou yo bay plis atansyon a sante mantal yo. Anpil jèn patisipan te mande èd pou fè fas ak pwoblèm aktyèl epi k ap domine yo tankou depresyon, adiksyon dwòg, santiman swisid, entimidasyon ak presyon kanmarad ak paran yo.

Nan kòmantè adolesan ki nan lekòl segondè yo te fè ki te boule anpil se ke yo bezwen pou Legliz ak pawas yo aksepte yo, yo santi yo pa koute yo, anpil gen maladi mantal ak pwoblèm sosyal, yo manifeste yon gran dezi pou konnen Kris la pi byen. Yo wè Legliz la tankou yon bagay k ap mete moun deyò, ki pa akeyan, se règ k ap dirije li olye de ansèyman Kris la jan li te eksprime nan pawòl ak aksyon li.

Yon lòt kote, anpil moun te apresye pawas yo kòm yon sous rasanbleman fanmi ak tradisyon (sitou atravè sakreman) ak gwoup jèn nan pawas yo, opòtinite sèvis, ak aktivite nan pawas yo.

Etidyan nan Inivèsite

Yo te tande Vwa etidyan ki soti nan kat inivèsite Katolik nan Achidyosèz Newark (*Seton Hall University, Caldwell University, St. Peter's University ak Felician University*) ansanm ak etidyan ki soti nan sant ministè kanpous sou kat kolèj piblik ak prive ak kanpous inivèsite yo ki te fè tou sesyon chita tande yo. Yo te poze jèn granmoun sa yo kesyon ki yon ti jan diferan men yo te bay anpil repons ki sanble ak refleksyon elèv lekòl segondè ak jèn etidyan nan ministè yo. Men kèk egzanp tipik nan kesyon yo te poze ak repons elèv yo te bay:

Ki sa w panse ki pi gwo defi jèn adul yo ap rankontre jodi a?

- Kwasans *relativis* (pami kanmarad yo ak 'figi otorite' tankou pwofesè, politisyen, selebrite, menm kèk paran... ki jan nou navige ant sa ki byen ak sa ki mal?")
- "Kroche kilti" - nou pa konnen ki jan pou nou mande moun sòti.
- Solitud/ pa santi "plas ou la" (paran mwen pi pre moun yo te ale avèk yo pase mwen ak kamarad mwen yo).
- Manke otantisite nan moun (enfliyans medya sosyal yo ankò)
- Pa konnen kiyès pou nou fè konfyans (personaj piblik yo, moun ki gen otorite yo, ki te abandone nou oswa moun ki montre nou pa kaf è yo konfyans).
- Pa gen ase devouman pou "inite" - moun yo sanble prefere koneksyon ak moun ki gen menm lide ak yo.

Yo di gwoup ki pi rapid k ap grandi nan mitan kategori 'relijyon yo' se moun ki dekri tèt yo kòm "Okenn (none)" - sa vle di yo pa konsidere tèt yo afilye ak okenn relijyon - poukisa ou panse rive? Ke moun pa afilye ak okenn relijyon? Ke yo pa kwè nan Bondye?

- "Moun ki gen otorite" (Kit yo nan Legliz la, nan mond lan oswa nan fanmi nou) pa dirije ak demontre enpòtans yon lavi lafwa.
- Li pi fasil pou w pa relijye.
- Enfliyans selebrite yo – selebrite yo afekte kanmarad nou yo anpil, epi kèk sanble yon ti jan enterese nan Bondye.
- "OU FÈ TÈT OU" - mantalite fè yo entimide w, kote yo di w kenbe kwayans relijye w nan tèt ou epi fè w santi w etranj paske ou genyen yo.

3. FÒMASYON LAFWA

Transmèt lafwa a

. Lidè nan pawas yo wè jèn sa yo kòm "moun ki yon tijan ekate". Yo patisipe nan sakreman yo men yo pa angaje pi lwen pase sa. Nan Rapò tou, paran yo souvan di yo pa toujou konnen ki jan pou yo pale ak pitit yo sou lafwa, ni yo pa santi yo gen kapasite pou reponn kesyon timoun yo.

Lidè pawas yo gen enkyetid pou jèn adul yo ak paran ki kite zafè lafwa a nan men timoun yo. Fòmasyon lafwa pou granmoun, tankou jèn, bezwen mete aksan ak entansyon sou sa jèn adult yo ap mande. Anpil moun di "yo pa menm konnen sa yo pa konnen!" Lidè pawas yo kwè mete aksan sou fòmasyon ta dwe gen ladan opòtinite pou konnen Kris la pèsoneyman atravè rankont ki sanble ak yon retrèt ak "enstriksyon" nan sa lafwa a anseye. Moun ki fè eksperyans pwosesis RCIA ak Ti Kominote Kretyen yo, wè ti gwoup sa yo, ki konsantre sou, Pawòl la, metòd kòm fason pou angaje jèn granmoun yo. Yo kwè yo dwe repanse fòmasyon lafwa pou tout laj.

Patisipan yo te di fòmasyon lafwa ta dwe konsantre sou disip yo pandan l ap itilize plizyè metòd: yon pwogram batèm djanm, retrèt pou moun ki okipe yo, konferans enteresan, ti gwoup, etid bibliik ak lòt fason pou angaje moun epi fòmasyon kominote dirab ki kenbe moun konekte ak pawas la.

Patisipan yo te obsève tou gen yon bezwen pou gen plis fòmasyon lafwa granmoun ak katechèz. Anpil te wè souvan pa gen ase fòmasyon espiyèl pou tout manm nan kominote a. Anplis, genyen tou inyorans oswa enkonpreyansyon sou doktrin Legliz la. Pifò pawas yo pa gen yon direktè devwe epi kidonk fòmasyon lafwa granmoun yo vin tounen yon bagay ki neglije. An konsekans, gen

enkyetid sou fòmasyon lafwa pou jèn adul ak granmoun, patikilyèman moun ki marye ak timoun oswa moun ki selibatè e ki fè pati Jenerasyon Y & Z.

Selebrasyon ekaristik la

Patisipan yo remake prezans nan mes yo te bese anpil pandan plizyè lane avan Pandemia an te komanse pandan plizyè lane deseni. Pratik asiste lamès chak Dimanch lan atravè rezo sosyal yo meto konfizyon nan tet anpil moun ki vi-n pèdi vrè valè lamès la ak enpotans ekaristi a. Patisipan yo di fòmasyon sou siyifikasyon mès la enpòtan anpil. Yo bezwen pou devlope fason kreyatif pou atire moun epi fè yo konprann siyifikasyon mès ak sakreman yo. Te gen yon pèsèpsyon pami kèk patisipan ke Mès la "raz," epi li pa enpòtan nan lavi yo chak jou. Yo te deklare tou ke prèch yo dwe pi enpòtan pou tan ak reyalyte aktyèl la nan mond sa a epi pou yo pale ak moun ki la yo.

Fòmasyon Lafwa pou Timoun yo

Gen enkyetid tou sou ki jan pou bay timoun yo pi bon fòmasyon lafwa nan pawas yo. Akòz jèn adult yo ak paran yo pa gen konesans sou lafwa a, ni sou ansèyman sosyal katolik ak Ekriti ki sakre yo te yon bagay ki te etone anpil moun. Sèke je-n adult yo di yo manke konesans sou lafwa yo ak , ak sou doktri-n sosyal Legliz la ak sou ekriti sakre. Sa se yon bagay ki boulvèse anpil moun. Genyen ki panse kèk pwogram fòmasyon koupab nan “lafwa wòwòt sa a” olye yo bay bon pedagoji ki konplete ak angajman aktif nan lapriyè litijik Katolik ak pratik. Plizyè rapò di Vatikan bezwen devlope yon pwogram katechis inivèsèl. Yo montre tou yo vle gen yon konpreyansyon pi klè sou sa Legliz la ansenye sou kesyon kif è diskisyon. Pa egzanp, ki sa ki *dogm* fiks, kisa ki se reg ki kapab chanje.

Edikasyon Lekòl Katolik

Nan Achidyosèz Nouwak la genyen yon tradisyon ki long epi ki la lontan. Sa gen ladann lekòl gramè dyosezan yo, lekòl segondè yo, ak lekòl prive ak inivèsite ki dirije pa kongregasyon relijye yo. Rapò yo te reflekte valè edikasyon lekòl Katolik epi te genyen anpil kòmantè ak anpil tristès konsènan anpil lekòl Katolik ki fèmen. Pawas ki gen lekòl fèmen yo te site yon pèt nan kominote a ak kapasite pou fòme timoun nan Lafwa a pi byen pase sa pwogram edikasyon relijye pou kont yo te kapab akonpli.

Anpil patisipan kwè fèmen lekòl yo blese fòmasyon lafwa ak kominote pawas la. Epi tou, gen yon enkyetid reyèl konsènan avni lekòl *elementè* katolik nan Achidyosèz la. Yo te fè sijesyon pou relouvri lekòl yo nan kèk pawas men yo bezwen gen yon pi bon plan pou konsolidasyon ak prezèvasyon edikasyon lekòl Katolik ak finansman apwopriye pou ede lekòl yo pwospere.

4. PATISIPASYON LAYIK YO NAN DIRIJAN LEGLI

Wòl Layik yo

Wòl layik yo se yon pwoblèm ki te diskite nan prèske chak rapò. Pifò patisipan yo deklare li lè pou yo aksepte rol Layik yo nan Legliz, pandan y ap swiv egzanp pwosesis Pap Franswa te fèk mete an plas pou moun ki responsab katechis yo, lektè, ak akolit. Patisipan yo te mande avèk konviksyon pou klèje a ak otorite Legliz la kapab tande vwa yo.

Genyen ki rekonèt gen anpil pawas ki pemet fanm yo jwe yon rol impotan tankou: manm pèsonèl; administratè finans pawas yo, ministè pastoral, chèf ministè yo, wòl nan konsèy pastoral ak, epi kòm konseye pawas la. Men se pa tout pawas kifè sa.

Gen lòt moun ki wè ke nan biwo Achidyosèz yo, Chanselye a se yon fanm, fanm yo nan tèt lekòl Katolik yo, chèf Biwo Katechis yo, manadjè biznis, ak lòt pozisyon kle epi yo se manm Konsèy Pastoral Achidyosèz la. Anpil moun konnen pozisyon sa yo pa nouvo nan Achidyosèz la, men patisipan yo kwè ke pawasyen mwayen an pa konnen wòl sa yo oswa nan pwosesis sinodal sa a ki fè pati anprent Achidyosèz Nouwak la depi plis pase senkant ane. Patisipan yo di li lè pou yo prezante wòl sa yo atravè pi bon kominikasyon nan dyosèz yo. Gen kèk ki kwè sa a se yon opòtinite pou lòt pozisyon yo dwe kreye, tankou Koòdonatè Lavi Pawas (*Canon 517 §2*) tankou nan lòt pati nan peyi a.

Kòmantè patisipan yo te gen ladan:

- Bay layik plis vwa: sitou nan desizyon pawas yo.
- Respekte diferans jenerasyon yo: pi piti layik santi administrasyon pawas yo pa koute yo.
- Envite moun nan ministè yo. Gen kèk rapò ki panse ke ministè nan pawas yo sanble fèmen epi yo pap akeyi moun nouvo ak jèn. pawasyen
- Kreye yon anviwònman kote moun pwofèsan santi yo ka pale avèk fòs konviksyon, pataje enkyetid, bezwen ak opiniyon yo.
- Ankouraje kolaborasyon ant layik ak klèje pou layik yo santi tankou yo koute vwa yo.
- Bay fòmasyon konpetans pou klèje pou aprann kijan pou apresye ak kolabore avèk yo layik.
- Ankouraje fòmasyon moun ki gen apèl pou sèvi nan diferan ministè yo. (katechis, lekti, ministè ekaristik ekstraòdinè.)

Patisipan yo di gen yon bezwen pou devlope fòmasyon pou vini lidè layik nan Achidyosèz la. Anpil moun panse nou bezwen konpran pi byen konsèp teyoloji yo "*apèl batèm*" pami katolik òdinè. Gen kèk ki panse yon fason pou kòmanse seta ede layik konprann don ak talan yo epi ba yo fòmasyon sou fason pou yo sèvi ak yo nan sèvis pawas la.

Patisipan yo nan kominote Panyòl la te wè pwen sa yo sou wòl layik yo:

- Nan kèk pawas pa gen yon atitid pou koute moun. Ou gen enpresyon opinyon layik yo pa gen valè. Jèn yo soufri pi plis paske yo pa koute yo epi yo santi yo pa gen plas pou yo.
- Anpil patisipan di pa gen anpil oswa pa gen patisipasyon layik nan desizyon k ap pran yo. Ki jan yo pran desizyon yo epi ki moun ki pran desizyon sa yo?
 - Pèsepsyon anpil moun sè ke se pè ki deside tout bagay.
 - Patisipasyon sanble li pi limite pou kominote Panyòl la.
 - Li depann de atitid kire a jan kreye ouvèti pou pou layik ki soti na diferan kilti patisipe.
- Pafwa, kèk nan layik yo patisipe nan pran desizyon, sitou nan pawas kote Konsèy Pastoral Pawas la deja egziste.
- Se pa tout pawas ki gen yon Konsèy Pastoral aktif.
 - Pafwa manm konsèy la pa reprezante kominote ki nan pawas la. Manke divèsite epi reprezantasyon Panyòl nan Konsèy Pastoral pawas la kapab limite.

- Kòm yo envite layik yo pou patisipe nan lidèchip pawas la, li ta nesesè pou sipòte devlopman yo kòm lidè epi kidonk, ofri fòmasyon; ede pawasyen yo konprann don yo ak talan yo ak ki jan yo ka itilize yo nan sèvis Legliz la.
- Anplwaye administratif nan kèk pawas demontre yon atitud negatif anvè layik yo.
- Pafwa pa respè pou klèje a, Panyòl oswa manm lòt gwoup kiltirèl yo ka ranvwaye klèje yo pa ka poze kesyon oswa reponn a yon envitasyon pou dirije.
- *Klerikalis omniprésente* pami klèje a ansanm ak layik yo.
- Pafwa genyen yon mank motivasyon, antouzyas ak angajman lakay layik yo ki lakoz yo pa pran responsabilite nan kominite a.

Fanm nan Lidèchip Legliz la

Wòl fanm nan lidèchip Legliz la se te yon sijè ki te enterese anpil nan seyans chita tande yo. Patisipan ki soti nan plis pase 90 pousan pawas yo te eksprime yon gwo dezi pou wè yon pi gwo wòl pou fanm nan lidèchip Legliz la nan tout nivo. Patisipan yo nan prèske chak pawas te di li lè pou fanm yo òdone kòm dyak epi pè. Yo te eksprime lide sa yo ak anpil fòs epi yon foustrasyon kache. Anpil moun panse paske fanm yo pa òdone kòm dyak oswa pè montre gwo inegalite, ak mank respè pou diyite fanm yo. Jenerasyon ki pi piti yo ka jwenn sitiyasyon sa a pa akseptab. Gen kèk ki di an prive yo pa konnen ki jan pou yo reponn kesyon pitit yo poze sou poukisa fanm yo pa òdone. Yo kwè Legliz pa konekte avèk yo.

Anplis de sa, patisipan ki pale panyòl yo afime nivo aktyèl angajman fanm yo nan lavi pawas yo pandan y ap remake yo gen ti enflyans nan desizyon konsènan kominote nan pawas yo ak pi gwo Legliz la.

5. GOUVÈNANS

Patisipan yo rekonèt wòl layik se pa sèlman patisipe nan ministè ak aktivite nan lavi pawas yo, men tou pou gen yon wòl nan gouvènans pawas yo. Patisipan yotouche anpil sou diminyon Pè ak relijye. Anpil eksprime dezi yo pou patisipe nan pran desizyon kap pran nan pawas la.

Pou akonpli sa, anpil patisipan ankouraje Legliz la pou:

- Ofri plis edikasyon ak fòmasyon pou lidè yo.
- Amelyore patisipasyon fanm ak jèn yo kòm lidè nan Legliz Inivèsèl la.
- Diminye klerikalism.
- Ogmante enkiltirasyon.
- Kontinye fè doktrin sosyal Legliz la yon pati esansyèl nan zafè evanjelizasyon.
- Entansifye yon Ministè Vokasyon Misyone. Nan anpil kominote, gen yon bezwen pou rejenere espwa nan pè, fanmi kretyen ki pratike lafwa yo, pwofesè ak tout moun ki fè fas ak jèn yo pou reveye plis vokasyon.
- Devlope yon plan vokasyonèl nan achidyosèz la pou adrese pwoblèm klèje a k ap diminye a.
- Pèmèt layik yo okipe fonksyon administratif yo, dyak oswa relijye, pou pè yo konsakre plis tan nan pastoral, nourri espiritualite, ak evanjelizasyon.
- **Kreye yon pi gran prezans Pè yo nan mitan kominote yo. Pa kontante voye infomasyon selman bay moun yo, men konnen moun yo pliz bezwen wè Pè yo.**

- Ranfòse nan kominote nan pawas yo yon sans pou fè moun santi yo fè pati Legliz la ak lafwa yo paske si moun yo santi tankou yo fè pati de bagay sa yo, y ap patisipe epi y ap santi kote yo ye a se pou yo.
- Ankouraje bous detid pou fòmasyon teyolojik layik yo

Konsèy Finans ak Pastoral yo

Pifò pawas gen konsèy finans k ap travay, men se pa tout ki gen konsèy pastoral k ap fonksyone. Patisipan yo eksprime kèk konfizyon yo genyen sou pawas ki genyen oswa kipa genyen konsèy pastoral. Gen kèk ki rekonèt Achidyosèz la konsantre sou fòmasyon ak nourri konsèy sa yo pandan twa ane ki sot pase yo menm pandan pandemi an. Sepandan, nan anpil rapò gen yon apèl pou nou ka pi byen konprann wòl konsèy la, kisa yo fè, ki jan yo chwazi manm yo, fòmasyon sou konpetans pou kire ka pi byen itilize konsèy yo, ak kijan pou kominike pi byen ak pawas la.

Kòmantè nan kominote panyòl la sijere fason sa yo pou fè pawas la vin pi fèm:

- Kòm pwosesis synòd chita tande a sa se yon egzanp, li bay opòtinite pou layik yo patisipe nan konvèsasyon sou sa yo bezwen ak chanjman potansyèl nan direksyon pastoral pawas la.
- Kreve plis opòtinite pou fòmasyon dirijan yo ak layik yo an jeneral.
- Kreve yon pwojè pastoral ki travay pou inite gwoup etnik diferan nan Achidyosèz la.
- Amelyore kominikasyon ant divès biwo ki nan Achidyosèz la ak pawas yo konsènan pwogram ministeryèl yo ofri, tankou gwoup sipò, sante, migrasyon, edikasyon, ak lòt ankò. Konsèy yo ta dwe gen yon pi bon konpreyansyon sou relasyon ant Achidyosèz la ak pawas yo.
- **Kreve plis okazyon pou Kadinal la ak evèk oksilyè yo kapab koute layik yo.**
- Sipòte konsèy finans yo pou ede yo amelyore bidjè epi pote resous ekonomik pou pawas yo.
- Fè konnen resous ki disponib pou Achidyosèz la.
- Bay pawas ak konsèy yo opòtinite pou yo ale sou rezo epi pataje lide.
- Fòm yon Konsèy Laik nan Achidyosèz la ki reprezante chak pawas, pou yo vin pon kominikasyon ant kominote pawas la ak Achidyosèz la.

Klèje

Pawasyen yo jeneralman favorab anvè pastè yo ak prèt yo. Yo apresye jan yo travay di pou fè travay pastoral la. Anpil rapò insiste sou nesite pou prèch yo pi solid, e pou yo rejwenn fidèl yo. Patisipan yo te eksprime tou yon bezwen pou kire yo koute moun yo regilyèman, apresye ak itilize konpetans yo ak kado yo, epi akeyi yo nan pran desizyon plizyè fason. (Jou sa yo anpil moun te dekri kòm yon kilti "lapriyè, peye, epi obeyi" disparèt depi lontan, e atitud sa a pa satisfèzan ankò). Rapò ki soti nan divès pawas nan Achidyosèz la te site tou klerikalis, espesyalman pami pè ki pi jèn yo, *kòm yon problèm nan pawas yo*.

Yon lòt kote ki te gen enkyetid se divizyon ant manm nan *Neo-Catechumenal Way* ak lòt pawasyen yo. Gen kèk pawasyen ki kwè yo pa pran swen yo tou, oswa yo pa bay yo ase opòtinite, kòm manm nan gwoup *Neo* yo.

Malgre anpil pè te patisipe nan seyans chita tande a ki te fèt nan pawas yo, pè k ap sèvi nan la Achidyosèz yo te envite tou pou yo patisipe nan seyans chita tande ki te fèt espesyalman pou yo

a. Malerezman, pat gen anpil patisipasyon. Swasanndis pè sou sisan te patisipe. An jeneral, pè ki te patisipe yo santi ke pa gen inite nan la presbitera a, yo pa vwayaje ansanm epi pa preske gen entèraksyon oswa kolaborasyon pami pè ki soti nan pawas vwazen yo. Yo santi estrikti nan dwayen yo pa efikas paske li depann de dwayen an pou konstwi yon sans kolaborasyon. Sepandan, genyen evèk rejyonal fasilite yon pi bon sans lè yo te aksesib pou fè jounen an ansanm pandan l ap disponib pou prèt ak pawas yo. Anpil patisipan te site nesosite pou yon pi bon relasyon ak Achevèk la.

Yon lòt sesyon chita tandè pou klèje yo te fèt nan *Redemptoris Mater Seminary (RM)* kote a pè *Neo-Catechumenal Way* yo te rasanble yon fwa pa semèn. Trant-kat Pè te la.

Obsèvasyon nan seyans chita tandè ak Pè yo te genyen:

- Anpil nan Pè ki soti nan *RM* wè yon kokenn chenn divizyon nan *presbitera* a ak yon lòt pè yo manke parèt. Yo kwè divèsite klèje a ta dwe yon richès, pa yon antrav. Yo rekòmande pou pi souvan gen ti konvokasyon pou klèje a ka konnen youn lòt pi byen.
- Travay ansanm sou pwoblèm jistis sosyal ak ministè Legliz la ta dwe a fòs.
- Patisipan yo te mande: Èske gen dwa pou yon Pè yo akize? Anpil moun kwè pa gen sa kounye a, epi yo wè sa enjis.
- Anpil moun te obsève, pafwa, Legliz enstitisyonèl se yon defi e li deseewa yo.
- Patisipan yo di yo dwe konsilte pawasyen yo plis. Legliz la ta dwe akeyi reyalyite jenerasyon sa a, san pè sèvi ak nouvo lang lè n ap pale sou lafwa nou ak relasyon nou ak Kris la.
- Anpil moun obsève Achidyosèz la bezwen pi gwo divèsite nan lidè yo, ki gen ladan fanm, moun nwa, ak panyòl.
- Te gen yon gwo santiman nan dènye ane yo Apèl Anyèl Achidyosèz la te mete anpil presyon sou kire yo.
- Patisipan yo rekòmande pou gen plis asistans pou pawas anndan vil yo, pataje resous yo. renouvle pwosesis enèji tou nèf la, asire distribisyon finans ki plis egal, epi mande pawas ki pi rich yo pataje resous ak pawas ki pi pòv yo.

Eskandal Abi Seksyèl

Patisipan yo te fè anpil kòmantè sou kesyon eskandal abi seksyèl la. Yo rekonet gen konfyans ki brize nan yerachi Legliz la epi lidè Legliz te dwe reponn pi rapid. Pawasyen yo konsène sou fason yo itilize lajan yo, epi yo pè pou lajan yo kontribye yo pa sèvi pou peye règleman ak viktim yo oswa avoka yo.

Pami klèje a, te gen yon santiman Pè yo pa gen okenn dwa ankò, “*Dallas Charter* te enjis”, e Achidyosèz la dwe montre ke pè yo gen valè kòm moun. Pè yo trouve sa injus menm lè akizasyon yo parèt absid e menm sa prev, yo retire pè yo akize a nan ministè li epi retire fakilte li. Pè ki te patisipe yo di yo sa lakoz moral Pè yo bien ba ak yon atitid defèt.

6. KOMINIKASYON

Anpil rapò te mansyone pa gen ase kominikasyon anndan pawas la ak nan achidyosèz la. Patisipan yo te site tou yon mank konesans nan deklarasyon Vatikan ak nan nouvèl dyosèz yo.

Kominikasyon kire ak pawasyen yo konsènan disponiblite pwogram yo, opòtinite pou aprann, ak nouvell Legliz an jeneral pa fò. Anpil patisipan di:

- Kire yo ta dwe itilize imèl ak kominikasyon *RCAN*.
- Kire a ak anplwaye pawas la dwe enfòmè layik yo sou tout nouvell ak resous ki soti nan Achidyosèz la, Vatikan, ak anpil sous nouvell Katolik. Pa egzanp, JerseyCatholic.org, yon sèvis nouvell ki soti nan Achidyosèz la ki gen nouvell, anons, deklarasyon Kadinal Tobin, evèk *New Jersey* yo ak plis ankò, ki bezwen pwomosyon. Kèk pawas gen yon anplwaye kominikasyon ki efikas epi yon sit entènèt, men anpil pawas pa gen ni youn ni lòt.
- Pawas yo dwe itilize plizyè metòd pou kapab kominike.
- Itilize rezo sosyal yo pou bay enfòmasyon sou evènman k ap pase nan pawas yo ta dwe vin estanda.
- Yo bezwen plis kominikasyon ale vini ant achidyosèz la ak pawasyen yo. Achidyosèz la ta dwe konsevwa yon fason efikas epi pwoaktif pou mande lide ak opinyon ki soti nan divès pawas. Achidyosèz la ta dwe ofri plis fason pou kontinye gen dyalòg ant achidyosèz la ak pawas yo epi reyèlman koute bezwen yo / pwoblèm pawas la.
- Pawas yo ta dwe vin gen plis konesans nan teknoloji, ak pi bon itilizasyon *IT* ak medya sosyal pou jwenn enfòmasyon atravè pawasyen yo ak medya sekilye yo. Dyosèz la te kapab ede pawas yo ak fòmasyon epi fason pou yo etabli yo nan kòmansman.

Manm kominote Panyòl la te bay sijesyon sa yo pou amelyore kominikasyon:

- Ankouraje yon atitid pou koute tout tan bezwen kominote a k ap chanje.
- Respekte tout kilti ak tout gwoup lang. Baryè lang lan ka anpeche kominikasyon. Yon pè ki pa pale menm lang ak pawasyen li yo oswa ki pa apresye tradisyon yon lòt kilti ka alyene klèje a de kominote. Anpil patisipan bat bravo pou efò kèk prèt ki pa Panyòl te fè pale espanyòl.
- Selebre divèsite.
- Konsidere seryezman enkiltirasyon kòm esansyèl nan tout efò evanjelizasyon.
- Fasilite kominikasyon ak inite ant diferan gwoup apostolik pawas la.
- Kontinye transmèt lamès sou rezo sosyal yo pou yo ka kenbe kominyon ak afeksyon ak moun ki pa ka ale legliz pou diferan rezon.
- Etabli yon dyalòg ak lòt kretyen oswa sila yo ki pa kwayan.
- Fè piblisite pi efikas sou sèvis ak asistans achidyosèz la ofri.
- Mete plis panyòl sou sitwèb pawas yo.
- Inisye oswa kenbe kominikasyon ak moun ki soti nan Legliz la. Anpil nan patisipan yo endike yo pa wè li nesèsè pou rankontre pèsonèlman ak moun ki kite pawas yo
- Sèvi ak medya pou anonse Bon Nouvell la.

KONGREGASYON RELIJE

Sèt kongregasyon relijye ki santre nan Achidyosèz la te fè seyans chita tande sou kongregasyon yo. Pami yo: de gwoup kontanplatif, yon gwoup frè relijye epi rès la se sè apostolik ansanm ak asosye yo. Manm lòt kongregasyon yo te patisipe nan seyans chita tande sou pawas oswa enstitisyon yo.

Repons relijye yo te reflète repons pawas yo ak lòt gwoup ki te òganize seyans chita tande yo. Pa egzanp, yo te mansyone tankou modèl kolaborasyon kontinyèl yo ak relijye yo kongregasyon nan Achidyosèz la ak lòt kote.

Patisipan ki soti nan kongregasyon relijye yo kwè Sentespri a ap mande legliz la prete

atansyon a bagay sa yo:

- Devlope yon konpreyansyon pwofon sou apèl batèm ak angajman tout moun ki batize yo kòm disip.
- Vin pi enklizif epi akeyi tout moun.
